# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–27 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

उत्तर प्रदेस लोकसेवा आयोग क भर्ती परीक्षा में नकल करावे चाहे नकल करत पकड़ल गइलें पर एक करोड़ रूपिया क जुर्माना अउर आजीवन कारावास क सजा हो सकेलें। पछिला अट्ठाईस जून के आयोजित स्टाफ नर्स एलोपैथ पुरूष महिला मुख्य परीक्षा के आधार बनावत आयोग ई चेतावनी जारी कइले हौ। जारी आदेस में आयोग क उपसचिव वीरेन्द्र मणि त्रिपाठी कहले हवें कि अध्यादेश के हिसाबि से परीक्षा में अनुचित साधन क प्रयोग कइल, नकल कइल, नकल करावल, प्रश्नपत्र क प्रतिरोपण कइल अउर एकरे खातिर षणयंत्र कइल अपराध क श्रेणी में आवेला। अइसन मामिलन में एक करोड़ रूपिया ले क जुर्माना अउर आजीवन कारावास दुन्नो सजा हो सकेलें।

**********

देस क सेवा कइ के लौटे वाले अग्निवीरन के उत्तर प्रदेस पुलिस अउर पीएसी बल में वेटेज दिहल जाइ। एकर घोषणा करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें हवें कि अग्निवीर जब देस के आपन सेवा दिहले के बाद वापिस लौटिहें त ओन्हें प्रदेस में पुलिस अउर पीएसी में प्राथमिकता के हिसाब से समायोजन कइल जाई। ऐहमन अग्निवीरन के एक गो निश्चित आरक्षण क सुविधा उपलब्ध करावल जाई।

**********

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी– एन टी ए काल्हि राष्ट्रीय पात्रता सह प्रवेश परीक्षा–नीट यूजी बदे संशोधित फाइनल स्कोरकार्ड जारी कै देहलस। जवन ओम्मेदवार नीट बदे उपस्थित भइल रहलें। ऊ लोगि आपन नतीजा अउर स्कोरकार्ड आधिकारिक वेबसाइट ुनमेजपवदेण्दजंण्बण्पद अउर दममजण्दजंवदसपदमण्पद पर देखि सकेले। परीक्षा एजेंसी घोषणा कइले हौ कि सत्रह ओम्मेदवारन के शीर्ष रैंक प्राप्त भइल हौ। चौबीस लाख से बेसी परिक्षार्थी परीक्षा मे शामिल भइल रहलें। परीक्षा में जवन एक हजार पांच सौ तिरसठ ओम्मेदवारन के समय क नोकसान भइल रहल ओकरे खातिर तेईस जून के फेर से परीक्षा आयोजित कइल गइल रहल।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी नमो ऐप पर बजट दुइ हजार चौबीस क मूल योजना साझा कइलें हवे। एकर उद्देश्य रोजगार सृजन अउर कौशल से संबंधित कई गो सरकारी घोषणा, योजनन अउर नई पहल के सरल रूप में समझावल हौ। श्री मोदी सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म पर कहले कि बजट क लक्ष्य नया रोजगार से जुड़ल प्रोत्साहन योजनन के साथे नौकरी सृजित कइल, एगो मजबूत कार्यबल क निर्माण कइल अउर नौकरी देवे वालन के सक्षम बनावल हौ।

**********

उन्तीस जुलाई से शुरू हो रहल उत्तर प्रदेश विधानमण्डल के मॉनसून सत्र में प्रदेस सरकार दुई हजार चौबीस–पच्चीस क पहिला अनुपूरक बजट पेस करी। एकरे जरिया से प्रदेस सरकार प्रयागराज में कुंभ क तैयारी बदे धनरासि क आवंटन करी। सथहीं अउरियों विभागन क जरूरी परियोजनन के पूरा करे बदे भी अनुपूरक बजट में प्राविधान कइल जाई। वित्त विभाग की ओरि से अनुपूरक बजट लावे क तैयारियन के अंतिम रूप दिहल जा रहल हौ।

**********

काकोरी ट्रेन एक्शन क सौवीं वर्षगांठ पर प्रदेस सरकार की ओरि से नौ अगस्त के काकोरी ट्रेन एक्शन शताब्दी समारोह क आयोजन कइल जाई। नौ अगस्त के लखनऊ क काकोरी अउर शाहजहांपुर में विशेष आयोजन होई। एहमन स्कूल, महाविद्यालय अउर विश्वविद्यालयन में कई गो प्रतियोगिता आयोजित कइल जाई अउर जिला प्रशासन की ओरि से स्वतंत्रता संग्राम सेनानियन क परिजन लोगिन के सम्मानित कइल जाई। येह मौका पर वन विभाग काकोरी क सहिदन के यादि में प्रदेस क सज्जों जिलन में सहीद स्मृति वाटिका तइयार करी। एकरे अलावा येह मौका पर काकोरी लिटरेचर फेस्टिवल क आयोजन कइल जाई अउर पुस्तक प्रदर्शनियों लगावल जाई।

**********

प्रदेस क मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह सज्जों मण्डलायुक्तअउर जिलाधिकारियन के निर्देस दिहले हवें कि ऊ लोग जन समेस्या के जुरते निपटारा बदे तहसीलदार अउर उपजिलाधिकारी क तैनाती वाली तहसीलि में निवास सुनिश्चित करें। उहां के कहलीं कि जे तहसीलदार अउर उपजिलाधिकारी अपने तैनाती क तहसीलि में निवास करत न पावल जाए त उनके खिलाफ कड़ेर कार्रवाई कइल जाव।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने सबेरे एगारह बजे आकाशवाणी क मन की बात कार्यक्रम में देस–विदेस क लोगिन के साथे आपन विचार साझा करिहें। ई रेडियो क येह मासिक कार्यक्रम क एक सौ बारहवीं कडी हौ। मन की बात कार्यक्रम आकाशवाणी अउर दूरदर्शन क सज्जों नेटवर्क, ए आई आर न्यूज वेबसाइट अउर न्यूज ऑन ए आई आर मोबाइल ऐप पर उपलब्ध रही। आकाशवाणी क यू ट्यूब चैनल, डी डी न्यूज, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय में एकर सोझे प्रसारण कइल जाई। प्रधानमंत्री के कार्यक्रम के जुरते बाद सज्जों क्षेत्रीय भाषा में एकर प्रसारण होई।

**********

अमरोहा जिला में कांवड यात्रा के समय विद्यार्थियन क सुरक्षा सुनिश्चित करे बदे कक्षा बारह ले क विद्यालययन में सावन क हर शनिच्चर अउर सोम्मार के अवकाश घोषित कै दिहल गइल हौ। जिलाधिकारी क निर्देस पर जिला विद्यालय निरीक्षक आदेश जारी करत कहलें हवें कि अवकाश क आदेस सज्जों बोर्ड क विद्यालयन पर लागू होई। आदेस न माने वाले विद्यालयन पर कड़ेर कार्रवाई कइल जाई।

**********